6+

*МКУК УРУС-МАРТАНОВСКОГО МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА «МЕЖПОСЕЛЕНЧЕСКАЯ ЦЕНТРАЛЬНАЯ БИБЛИОТЕКА»*
*ХЬАЛХА-МАРТАНАН МУНИЦИПАЛЬНИ КIОШТАН ЯРТИЙН ЮККЪЕРА КОЬРТА БИБЛИОТЕКА*

# *«ХЬО БУ И, НЕНАН МОТТ, САН ИРСАН ХЬОСТА»*

*(нохчийн маттах лаьцна нохчийн байташ)*

Хьалха-Марта

2020 ш.



Нохчийн Республикан Президентан
Указ
11.05. 2007 ш. Соьлжа – г1ала № 207
Нохчийн мотт 1алашбаран, кхид1а шарбаран, кхиоран, нохчийн культура кхиорехь, къоман башхалла ларъярехь цо лело маь1на лакхадаккхаран 1алашонца:
«Нохчийн республикехь меттанийн хьокъехь» долчу Нохчийн Республикан законна куьг яздина апрелан 25-г1а де –Нохчийн меттан де д1акхайкхо».
Нохчийн Республикан Президент Р.А.Кадыров.


25-г1а апрель -
Нохчийн меттан де!

**Ненан мотт**

Доьзалехь бийцар а дастам а хеташ
Хьо винчу Ненан Мотт д1атесна ахь.
«Сов къен бу дешнашна, бац атта кхеташ»,
Бохуш, и сийсазбан ца хета изхь.

Ладог1а цкъа соьга, «Хьекъале корта».
Ладог1а, яккхий д1а лергара потт.
Йист йоцу х1орд санна, бу хьуна шорта.
Ша хууш волчунна вайн нохчийн мотт.

Г1иллакхе, оьзда бу доттаг1чуьнга буьйцуш.
Мостаг1чеуьнга вистхуьлуш ду ира герз,
Хьомечу езаре безам ахь буьйцуш
Бека и шех хуьлий хьан деган мерз!

Б1ешераш хийла а ихна и бекаш.
Хьацарлахь, къийсамехь кхиъна и бу.
Кхоьллинчу халкъана хьанала бецаш
Даим а ша хилла нохчийн мотт бу.

Вайн къоман ойланаш, дахар а г1ийла.
Далхадеш , къийсамна г1иттийна цо.
Нохчочун майралла, оьздалла хийла
Зевнечу иллешкахь екийна цо!

…Кхидолчу къаьмнашна шайниш а санна,
Нохчашна шайн ненан мотт хьоме бу.
Нагахь хьо ца ваг1ахь хьайн халкъацанна,
Хаалахь, декъазниг, хьо цхьалха ву!

## Шайхи Арсанукаев



# Цуцаев Іалауди. Ненан мотт.

1амо а оьший-те?
Ткъа эшахь, мел?
Хийла а йина
Вайн меттан кхел.
Цхьанхьа а меттиг бац
Юьхь1аьржах1отта,
К1ант, велахь дика хууш
Шен ненан мотт.
Хир ву и д1акхехьа
Шен къоман яхь.
Шен къоман маттаца
Уьйр лелаяхь.
Шайн дог а, ойла а
Нанна т1еоьзна,
Йо1арий кхуьур бу
Г1иллакхе, оьзда.

Ненан мотт, хьо бац и
Ламанхойн сийнна,
Дуьненна даржийнарг
Бакъиллийн зов,
Теркан хих гІум санна
Сан цІийца ийна,
Сан кийра доьттуьйтург
Марзонан ов?
Хьо бу и, ненан мотт,
Сан ирсан хьоста,
Хьекъалан къайленийн
Бух боцу гІу.
Хьо маццаъ лийр белахь,
Лойла со тховса:
Ахь лерг ца хьоьстучохь
ХІун дахар ду?





**Саидов Билал**

**Ненан мотт**

Хьо безаш волчунна
Пондаран аз ду хьо,
Хьайца уьйр йоцчунна
Гихь беза мохь бу хьо.
Хьо хууш волчунна
Жовх1арийн х1онс ю хьо,
Хьайца шовкъ йолчунна
Чам тайна стом бу хьо

... Хьо ца безаш волчо
Шен нана лорур яц,
Ненан сий цадечо
Мехкан сий лардийр дац.
Ненан мотт цахаар
Шен кхерч цалaverар ду,
Кхерчан да цахилар
Маьттаза вахар ду.

Хьайн ненан мотт хаахь,
Дозалла ас до хьох,
Даггара и безахь,
Ас хастам бо хьуна.
Цунах ма херлолахь,
Мел дукха вахарах,
Ненан мотт хьайн бацахь,
Байлахь вуй, хаалахь!

# Рашидов Шаид. Сан ненан мотт.

Доккхачу латтта тIехь
Хазалла лоьхуш,
СадаIар диццдина
Еттарх а йорт,
Хьегаран хьу елла,
Шена тIевоьхуш,
Хиллера цIийх боьлла
Сан ненан мотт.
Зезагийн лесторехь,
Техкарехь диттийн,
Къайленаш соь юьйцуш
Ловзарехь хIорд,
ЛадоьгIча шабаршца
Бешарчу ниттийн,
Соь ницкъ лург хиллера
Сан ненан мотт.
Иллига бирзича
Iенадеш бIаьрхиш,
Делхадеш, ловзадеш
Кийрара дог.
Кхолабеш, юха а
Къагабеш бIаьргаш,
Серло лург хиллера
Сан ненан мотт.
Диканехь я вуонехь
Дош ала дезча,
КIорггера ян воьлча
Хиллачийн чот,
Эхь, иман я гIуллакх,
Доьналла эшча,
Хьекъал лург хиллера
Сан ненан мотт.
Вахар а хIун оьшу
Цунах дIахаьдча?
Бицбина вехаш верг
Ю яьсса ботт.
И саннарг кaрор бац
Мел дукха лехарх,
Даймехкан дозалла
Сан ненан мотт.





Айдамиров
Абузар

Ненан мотт

Со вина Кавказан ломахь,
Къоьжачу баххьашна юккъехь,
Аьрзунийн баннашна лулахь
Нанас со теххийна берахь.

Цигахь со набарна товжош,
Цо олу аганан илли
Декара дог хостуш, довха,
Сан нохчийн маттара илли.

Сарахь цо туьйранаш дуьйцуш,
Со цунах хьерчара кхоьрш,
Я халкъан илли цо олуш,
Д1атуьйра набаро хьостуш.

Шаьш хьегна баланаш балхош,
Вайн халкъан турпалхой хестош.
Вайн дайша даьхна и иллеш
Декара дог 1ийжош, доруш.

# Нурди Пашаев. Ненан мотт.

Ненан мотт, хьо бац и
Нохчочо хийла,
Къа-бала ялхаеш,
Бийцинарг, ша
Къоьллица боданехь
Воллушехь гIийла,
Сатуьйсуш лаьмнашкахь
Тасаре са?
Ненан мотт, хьо бац и
Иллешца хийла
Къийсамна гIиттадеш
Къонахчун дог,
Кхайкхаза веанарг
Корчуьйтуш цIийла,
Вайн лаьмнийн маршоне
Баьккхинарг ког?

Ненан мотт, хьо бац и
Ламанхойн сийнна,
Дуьненна дaржийнарг
Бакъиллийн зов,
Теркан хих гIум санна
Сан цIийца ийна,
Сан кийра доьттуьйтург
Марзонан ов?
Хьо бу и, ненан мотт,
Сан ирсан хьоста,
Хьекъалан къайленийн
Бух боцу гIу.
Хьо маццаъ лийр белахь,
Лойла со тховса:
Ахь лерг ца хьоьстучохь
ХIун дахар ду?





# Сулаев Мохьмад

**Мотт**

Вайн мотт бу 1аламал ч1ог1а.
Хьекъале цо йоьг1на лард,
Доккху цо къайленийн дог1а.
Къаьмнашлахь цо кхуллу барт.

Амма и харцахьа балахь.
Зуламаш цо дебадо.
Цуьнца вай хастам бо, баг1ахь,
Турпалш а вай хьехабо.

Халкъашна цкъа бакъдерг кховдош,
Цкъа делхош харцонан дерз,
Ду иза – бакъдолчун шовда,
Ду иза – къинойн а герз.

Йоккха ю цу меттан къайле:
Кхоьру со, и малбахь ас,
Тешнабехк цо барна сайна,
Талхадеш сан деган аз.

# Талхадов Хьамзат

Сайн ненан маттахь ас язйо
Сайн хIора Iуьйренан назма.
Сан дахар цу матто хаздо –
Хир яц-кха цул йоккха хазна.
Цу маттахь со Деле воьлху,
ТIом боцу тийналла йоьхуш.
Вела а цу маттахь воьлу,
Кхера а цу маттахь кхоьру.
Кху лаьттахь со цуьнца веха –
Ю иза сан ирсан момсар.
Безамах цо во со Iеха,
Ницкъ а ло къайленаш йовза.
Цу маттахь ас кадам оьцу,
Захало цу маттахь дуьйцу.

Сан ненан мотт бу и оьзда –
Йиш яц и бахамах хийца.
Цу маттахь ас оьмар ехна,
Вахана со цуьнца кога.
ДоттагIий ас цуьнца лехна,
Ца буьйцуш и цкъа а шога.
Хьаша а ас цуьнца вохво,
Кхерч лато суй цуьнгахь лоьху.
Схьаэца кхечуьнан бохам
Дахарехь цо суна хьоьху.
Ненан мотт, хьо ду сан дахар,
Хьан лазам сайн лазам лору.
Хьо бицбеш, гулбина бахам
Хир бац-кха къоман ирс кхолуш.



*Нохчийн мотт*

Кхераме дац сунна мехаш,
Къизачу зуламан ор а.
Нохчийн мотт соьца мел беха
Онда бу сан лаьттахь орам.

Генарчу шахьарикахь шелло,
Ца хезаш вай меттан аьзнаш.
Даймахках хьоьгуш со г1елло,
Хийрачу мохо веш аьшнаш.

Нохчийн мотт- хьо синна г1ортор,
Хьоьца дут хан хилларг, хиндерг…
Лар яйъа милла г1ортарх,
Лар йовр яц- т1улга т1ехь йитнарг…



Ахмадов Муса

# Халед Хамаев. Бекалахь, Нохчийн мотт!

Бекалахь,Нохчийн мотт,
Сан къоман аз хилий
Сингаттам беъначохь
Пондаран мерз хилий.

Сатесча Даймахке
Шовданан ч1уг хилий
Самукъа даьллачохь
Мехкарийн йиш хилий!

Ламанийн локхаллехь
Аренийн сеналлехь
Нохчийн мотт бекалахь
Зарзаран мукъамехь!

Бусулба дин долчохь
Ийманан нур хилий
Барт боьхна доьзалехь
Машаран т1ай хилий.

Накъостал эшначохь
Къонахчун дош хилий
Тешнабехк биначохь
Болатан суй хилий!

Ненан къинхетамехь
Дас лучу хьехамехь
Бекалахь Нохчийн мотт
Даимна бекалахь!

# Использованы интернет-ресурсы:

- https://stihi.ru/2011/11/09/3145
- https://www.radiomarsho.com/a/27433871.html
- https://proza.ru/2019/03/10/1334
- http://j-vaynah.ru/tsutsaev-ialaudi-nenan-mott-stihash/
- https://www.radiomarsho.com/a/chechen-online-library-talkhadov-poetry-/28386190.html
- https://www.proza.ru/2017/04/21/624
- https://yandex.ru/images/search?from=tabbar&text

